



Sizoka gen yon **kanbriyolaj**



1. Pa antre!
2. **Rele (305) 4-POLICE
(305) 476-5423**
3. Pa manyen anyen

Miami-Dade Police Department

Estasyon Distrik yo

Ou kapab kontakte Inite Envestigasyon Jeneral ki responsab katye w la nan youn nan adrès ki annapre yo:

Northwest Station Distrik 1

5975 Miami Lakes Drive
(305) 698-1500

Northside Station Distrik 2

2950 NW 83 Street
(305) 836-8601

Midwest Station Distrik 3

9101 NW 25 Street
(305) 471-2800

South District Station Distrik 4

10800 SW 211 Street
(305) 378-4300

Kendall Station Distrik 5

7707 SW 117 Avenue
(305) 279-6929

Intracoastal Station Distrik 6

15665 Biscayne Boulevard
(305) 940-9980

Airport Station Distrik 7

Miami Int'l Airport
(305) 876-7373

Hammocks Station Distrik 8

10000 SW 142 Avenue
(305) 383-6800

Town of Miami Lakes

15700 NW 67 Avenues
(305) 364-6100

Village of Palmetto Bay

8950 SW 152 Street
(305) 259-1270

Town of Cutler Bay

10720 Caribbean Blvd.
(305) 234-4237



Livré Bon Kalite Sèvis Chak Jon

114.01-456 1/10

Kisa pou fè sizoka gen yon **Kanbriyolaj** nan yon biznis



Miami-Dade Police Department

Si ou dekouvri yon moun te penetre ilegalman nan biznis ou...

Depatman Lapolis Miami-Dade (MDPD) devwe pou sèvi tout sitwayen nan Konte Miami-Dade pou l founi yo pibon sèvis lapolis posib.

Konba kont delekans reprezante yon gwo pati nan sèvis sa a. Malgre sa, nan gwo zòn metwopolitèn tankou Sid Eta Florid, pafwa kanbriyolaj kay prive se yon reyalyte. Piblikasyon depliyen sa a se pou ede w, sizoka ou ta viktim aksyon kriminel sa a. Kanbriyolaj anjeneral se yon move zak yo fè kont byen yon moun epi Lalwa Leta Florid dekri li konsa:

Lwa Leta Florid 810.02 « Penetre nan yon kay, yon batiman oswa yon mwayen transpò (machin/bato/avyon) avèk lentansyon pou fè yon move zak, anmwenske kote sa yo, nan moman sa a, te louvri pou piblik la kapab antre oswa akize a te otorize oswa yo te envite li antre. » Yo konsidere sa kòm yon « tizak (deli) pa definisyon » si yo vòlè epi/oswa yo detwi byen ki pou w.

1. Si w panse yon malfektè kapab andedan biznis la toujou: PA ANTRE! Kite zòn la epi rele lapolis - **Rele 911**

2. Di ofisye k ap resevwa plent la:

- Sa ki rive.
- Adrès kay la.
- Ba li deskripsyon moun oswa machin ou petèt te wè.
- Adrès kote ou ye nan moman w ap rele a.
- Rete tann lapolis rive nan yon kote ki san danje epi pa eseye arete nenpòt moun ou kapab sispèk ki fè zak sa a.

3. Si w te antre nan lokal la anvan lapolis rive epi pa t gen okenn moun la:

- Pa manyen anyen yo te bouje, kraze oswa deplase, poutèt bagay sa yo kapab sèvi kòm prèv pou lapolis.

**Rele Lapolis
(305) 4-POLICE
(305-476-5423)**

Nimewo ki annapre yo se pa nimewo dijans Depatman Lapolis ak Ponpye Miami-Dade

- Bay enfòmasyon yo mande w epi tann lapolis la rive.
- Pandan w ap tann, gade byen pou fè yon envantè tout bagay ki kapab manke, men pa manyen anyen. Objè ki rete deyò nan move kondisyon meteyolojik kapab pèdi vale yo kòm prèv, kifè si se nesesè, pran anpil prekosyon pou mete yo andedan.

Aksyon Lapolis

- Tout bagay ki sanble tache avèk likid ki swa nan kò yon moun tankou san, transpirasyon oswa kracha (likid, tach ki seche oswa likid ki tankou yon jèl); yo kapab analize yo pou jwenn ADN la. Pami yo gen nenpòt bagay volè a kite dèyè (gan, chapo, kaskèt, rad, elatriye). Mete bagay sa yo apa oswa pa manyen yo ditou, si posib.
- Ofisye k ap fè rapò a ap deside kilès bagay pou yo pa manyen pou yo kapab analize l. Si w dekouvri bagay ou panse yo ta dwe analize yo, enfòmasyon ofisye lapolis la epi li va deside sa ki dwe fèt.
- Ofisye lapolis an inifòm la kapab mande pou yon Inite Envestigasyon sou Lye yon Krim te komèt (Crime Scene Investigations Unit – CSI) prezante l, selon prèv yo kapab analize yo. Se malere se pa tout anplasman kote yo te komèt yon kanbriyolaj ki kapab analize. *Avi – Se enpòtan pou w konprann, yon ofisye Inite Envestigasyon sou Lye yon Krim te komèt (CSI) poutèt kantite obligasyon ak ijans li genyen pou l okipe, se posib pou l pa reyaji touswit, sinon jou demen oswa menm annapre.*

Kijan pou kontakte anketè lapolis k ap okipe dosye w la

- Ofisye Lapolis ki reponn apèl ou a ap ba w nimewo dosye ka w la ansanm ak non Estasyon Distrik Lapolis la ki reponsab pou founi w sèvis lapolis nan katye w la.
- Se yon detektif nan distrik ou a ki travay nan Inite Envestigasyon Jeneral la (General Investigation Unit – GIU) ki pral anchaj ankèt la.
- Si w bezwen kominike dijans avèk yon anketè pou ba li nenpòt lòt enfòmasyon oswa pou poze l kesyon poutèt ou pa konnen sa pou w fè, kontakte GIU (Inite Envestigasyon Jeneral) lapolis distrik ou a epi mande

Si gen yon reta pou lapolis prezante l nan biznis ou pou l analize sikonstans kanbriyolaj la

- Kòm pwopriyete biznis, se enpòtan pou w kontinye ak aktivite biznis ou. Jan yo konn disa nan sektè aktivite w la, « Tan se lajan », e Depatman Lapolis Miami-Dade konnen sa trè byen. Se pou w kapab netwaye, repare epi/oswa mete plis sekirite nan lokal travay la epi rekòmanse ak aktivite biznis ou. Men kèk bagay ou kapab fè ki va pèmèt ou òganize w epi rekòmanse travay, pandan w ap pwoteje nenpòt prèv potansyèl, konsa lapolis va gen plis chans pou l arete malfektè a epi pou l mennen l nan tribinal:
- Pa deranje bagay yo oswa ranje yo avèk anpil prekosyon nan yon anplasman pwoteje jan fason ofisye lapolis k ap redije rapò a endike w la.
 - Repare oswa bare pòt/fenèt yo, poutèt si yo rete louvri, sa kapab genyen konsekans negatif sou sekirite w ak sekirite kliyan w yo, oswa sou kalite lavi nou tout.
 - PA NI DEPLASE NI FÈMEN BIZNIS LA!** Li pa nesesè pou w abandone biwo w. Jis deplase objè yo jan nou esplike pi wo a.
 - Kontinye fè menm bagay ou te konn fè anvan. Anjeneral, yon kanbriyolaj se lè yo vòlè sèten byen ki kapab lakoz difilkilte finasyèl pou w ak reta nan aktivite w yo. Kontinye fè aktivite komèsyal ou yo san pèdi tan.
 - Kontakte konpayi asirans ou pou w fè yon demann konpansasyon, si se sa ou vle, epi bay yo nimewo dosye lapolis la.
 - Kontakte estasyon distrik lapolis la si w bezwen nenpòt kopi rapò w la.

pou detektif ki anchaj dosye w la, oswa yon lòt detektif pou li ede w.

- Se GIU (Inite Envestigasyon Jeneral) ki anchaj dosye w la epi l ap fè nenpòt ak tout demach ki nesesè pou kontinye ankèt la. CSI se yon inite sipò pou detektif prensipal la epi l ap kominike li tout sa li dekouvri nan anplasman move zak yo fè w la. Si plizyè jou pase san CSI pa manifeste l, kontakte detektif Inite Envestigasyon Jeneral (GIU) si w genyen enkyetid. Pa kontakte CSI dirèkteman, poutèt y ap refere tout apèl telefòn bay detektif Inite Envestigasyon Jeneral (GIU) la.